

ADRÈSIPOEN
REDACTIE LAN ADMINISTRATIE
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.

LEMBARAN MOERGAN

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK MINGGON.


HOOFDREDACTEUR:
A. DJAJASEPOETRA
KABANTOE
REDACTIE-COMMISSIE.



Swara-Tama. Foto C. Weers.

Sampéjan Dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan Hamangkoe Boewana ingkang kaping VIII

DJANMA AWISIKAN, DWIPANGGA AWANI; AWANI NGOJAG-OJAG PANAGAN ING BOEMI. (1851 — 1861)

Wijosan Dalem Sampéjan Dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan ingkang kaping VIII Ngajodjakarta, ing dinten Rebo Wagé tanggal kaping 21 Rabingoelawal, Wawoe 1809 oetawi tanggal kaping 3 Maret 1880.

Nalika djoemeneng Pangéran Harja Poeroebaja, ing dinten Senèn Legi tanggal kaping 21 Roewah, Djimakir 1826 oetawi tanggal kaping 25 Djanoewari 1897.

Nalika djoemeneng Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom, ing dinten Senèn Legi tanggal kaping 23 Sawal Éhé 1844 oetawi tanggal kaping 14 Sèptèmber 1914.

Djengkar Dalem Sampéjan Dalem Kangdjeng Goesti dateng nagari Walandi, ing dinten Rebo Wagé tanggal kaping 5 Sawal, Wawoe 1849 oetawi tanggal kaping 27 Agoestoes 1919.

Kondoer Dalem Sampéjan Dalem Kangdjeng Goesti saking nagari Walandi, ing dinten Ngahad Pon tanggal kaping 27 Djoemadilawal, Alip 1851 oetawi tanggal kaping 6 Pébroewari 1921.

Djoemeneng Dalem Sampéjan Dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan ingkang kaping VIII Ngajodjakarta, ing dinten Salasa Kliwon tanggal kaping 29 Djoemadilawal, Alip 1851 oetawi tanggal kaping 8 Pébroewari 1921.



GARDJITA-SWARA.




é é é, jwa anaa kang kari!
Senaosa moeng sawidji,
Ing ngriki
Ngajogjakarta kang nagri!

Jwa kantoen mring trontongé srengéngé,
Djago kloeroek ambal-ambalan, ngétjé-étjé!

Gja njepenga poen sandang, tja...k!
Sroewa anjar, bregas, matjak!
Setlikan mbledoe...k, ketak-ketak!

Dèn énggal goemregoet mring kalangan,
Kalangan keraméan.
Njaosken kasoegengan!

Djer Sang Nata!
Sang Nata woes sadasa warsa
Ngasta pradjèng Jogjakarta!

Moeng lagi sadasa warsa
Woes katon wéla-wéla
Oendaking gemah-ripah poen pradja.

Ada-ada tan koetjiwa
Agoena toer sembada
Ija birawa

Jwa wedi lan mangoe-mangoe!
Wit tangkepnja Sang Praboe
Mring para hoeloen
Narik mangadep ring Sinoehoen!

***

É é é é. mangkono kang moelané
Jwa anaa kang njelé,
Bingah-bingaha ing ati
Sesarengan asesami!

Medala ing andjawi
Loemoehé, ja ndjro panti!

Moeng weling ngong: jwa soepé
Mring prakawis tan sepélé;
Jèkoe: manedakké
Sing Allah
Barkah!

Th.

PAHARGJAN SADASA TAOENAN.

Pangastawa ing srinata, satata gotrah Katoelik, angetab pangastoe pada, maharda ing ari adi, tingalan dalem Adji, Djeng Soeltan ingkang kawoloe, Ngajogja adining rat, tetepé sadasa warsi, ngasta pradja mandirèng niring sangsaja.

Sa-ha-sa asoeng poepoedja, rahadjengé Djeng Déwadji, kang dahat mahardjèng pradja, andjoendjoeng dradjating djawi, djiwa Jodja pinilih. Katoeliké rijel toewoeh, sing sawabing Narèndra, paédoek sadasa warsi, saksat soewoeng sawangé sangsara.

Andjrah pandjrahing jajasan, Katoelik Ngajodja nagari, pawijatan lodji grédja, doemoenoeng boemining Adji, mangrebda loemastari, katresan sihing Sang Praboe, pinareng ngempèk papan, mamarta mrataken Indjil, tan alama Ngajodja poendjoeling Djawa.

Para kawoela kalawan, santana dalem Sang Adji, ingoedja mandjing agama, sinarah serenging karsi, sitaning tyas nètèsi, Katoelik Jogja ngremboejoeng, angoejang kajoewanan, kalèban pralebdèng Adji, titipané tinemoe ing kaoetaman.

Sroe banta Sang Narèswara, mamardi marta martani, kwèhning kawoela ginoelang, manggiloet boedajèng djawi, djamaké djaman mangkin, woes moengkoer moengkaring kajoen lelangen lénggot bawa, bawané tan amikani, wawatoné ing Krida deksa wirama.

Kawoela Katoelik djawa, djoewet angetjoep ngitjipi, koekoetjah koentjoep, kinantjoeh kentjeng kinoentji, madada angendemi, Abiranda kang soemoendoel, gending kalawan tembang, toemimboel namboel nebani: pra kawoela Katoelik gotrah Ngajodja.

Hentyarsèng tyas mangastawa, ngèstoetyardja ring Sang Adji, ngoendjoeken poedyastawardja, Djeng Soeltan soegeng mandiri, mangrenggep kaprabon Praboe, wimbaning kawibawan, mimboehi birawèng Adji, kadjoewara rahardja pradja Ngajodja.

Wahjaning wahjoe dyatmika, mamajoe majem ngajomi, joewanèng kradjan Ngajodja, widada toeloes mawerdi, roementah maring dasih, soetresna soengkem soemoengkoe, soeka mangèstoe pada, mamandom pandaming Adji, tan sawala soemanggem moendi Narèndra.

Titi toetoeping pahargjan, tjinitrèng ing ri Respati, dwi dasa nawa tjandrama, Djoemadilawal woes akir, warsa ingkang loemaris, Djémawal sengkalanipoen: toenggal rasa ngèsti 'nDra, kawoela dalem Katoelik, kang soemahap soeng soegeng sadasa warsa.

C. H.



BIWADDA SAHANDAP SAMPÉJAN DALEM INGKANG SINOEHOEN KANGDJENG SOELTAN HAMANGKOE BOEWANA VIII.

Wekdal sedasa taoen poenika, menawi ngèngeti sapinten dangoening manoesa wonten ing ngalam donja, ingkang saking tjelaking ngoemoer, ngantos asring binasakaken, bilih gesanging manoesa wonten ing ngalam donja poenika prasasat namoeng mampir ing peken toembas sedah, wekdal sadasa taoen poenika sampoen nama pandjang. Langkoeng-langkoeng manawi ngèngeti lelampahan warni-warni, ing sadinten-dinten, ingkang saged ndajani sanget toemrap gesanging manoesa, wekdal sedasa taoen poenika saèstoe boten sepélé aosipoen, saja malih toemrap tijang ingkang tansah kasinoengan bagdja, tebih saking saliring bantjana.

Pramila kaloehoeran sanget, déné Ngarsa Dalem Ingkang Sinoewoen ngarsakaken mèngeti Djoemeneng Dalem Narèndra, mangrèh pradja Ngajogjakarta, djangkep sadasa taoen, lestantoen soegeng rahadjeng, tanpa sambékala.

Ing salebetipoen wekdal sedasa taoen Ngarsa Dalem Ingkang Sinoewoen kawistara kasongan ing para Leloehoer Dalem miwah binarkahan ing Pangéran. Paprèntahan Dalem ingkang tjoemeta namoeng kaeneraken dateng kawiloedjenganing kawoela Dalem, ageng alit, katah sanget wohipoen ingkang miraos, moenfangati dateng oemoem, adamel seneng mareming kawoela Dalem sadaja.

Waragad pinten kémawon ingkang sampoen kawedalaken, kagem njaèkaken toewin ngagengaken kita Ngajogja, ingkang ing soewaoe boten montjèr sanget kawontenanipoen, ing samangké prasasat santoen babar pisan sesipatanipoen, mantjala warni dados kita ingkang pélag asri angresepaken, sarwa pepak isènisènipoen. Bikaking palengkoeng boentet, ingkang ladjeng kaparingan nama „Madya-Soera," Ingkang awiging garapipoen rebat oenggoel lan plengkoeng „Djaga-Soera" ing Ngasem, mewahi gampiling loemebetipoen ing pakampoengan ing lebet-bètèng ing sawantji-wantji, bènèh sanget kalijan djaman sadasa taoen kapengker, déning kori-korining plengkoeng jèn daloe mesti katoetoep; dados manawi wonten tijang badé loemebet oetawi medal, kedah neda wenganing kori roemijin.

Kawontenaning margi-margi, kreteg-kreteg, peken-peken, sarta grija-grija toewin jejasan sanèsipoen, kadosdéné kantor-kantor, grija pamoelasaraning tijang sakit, grija pambeléhan, pamoelangan-pamoelangan l. s. s. sami ngatingalaken éndah pènining kita Ngajogja ing salebeting pepréntahan Dalem Ingkang Sinoewoen ingkang kaping Woloe. Ing wantji daloe sesawanganing kita prasasat tan prabéda lan ing wantji sijang, déning soroting pandam pinten-pinten, pating pantjoerat saoeroeting margi.

Sadaja-sadaja poenika nélakaken, bilih ingkang kaèsti Ngarsa Dalem namoeng karahajon toewin sakétjaning gesangipoen para kawoela Dalem sadaja, ngantos katah jejasan-jejasan énggal ingkang kawontenaken, déning kaanggep ageng paédahipoen dateng oemoem; sarta katah prekawis-prekawis lami ingkang kasoewak, déning kagalih makèwedi lampah sarta sampoen boten ndjamani, kadosta: sowakipoen awisan toemrap penganggé, maleman, pakepel, pasowanipoen tjalon pengantèn èstri anaking abdi Dalem loemados Ngarsa Dalem l. s. s.

Ngarsa Dalam sanget menggalih dateng ksarasaning kawoela, mila ing ngriki boten sakedik tjatjahing grija pamoelasaraning tijang sakit, ingkang oegi angsal pambijantoe lan pitoeloengan saking Ngarsa Dalem. Moerih pikantoek toja ingkang saé, ing ngriki dipoenjasakaken waterleiding, pamendeting toja saking Kali-Oerang, ingkang ing sapoenika katingal redja, déning sampoen katah grija-grija ingkang prajogi, dados patirahaning para nandang sakit; sarta nitik glagatipoen ing sapoenika, kados katah èmperipoen, jèn Kali-Oerang ing tembé kadadosaken kita. Moerih nggampilaken pamboetjaling sesoeker, ingkang saged ndjalari sesakit warni-warni, Ngarsa Dalem menggalih dateng wontening rioleering (oeroeng-oeroeng).

Ngarsa Dalem nggatosaken sanget dateng kemadjenganing kawoela, ngantos ing doesoen ngadoesoen sami kaadegan pamoelangan. Ing salebeting kita Ngajogja grija pamoelangan pating talètjèk katah sanget, wiwit ingkang andap pijambak ngantos doemoegi pamoelangan tengahan. Ing aloen-aloen lèr kajasakaken balé waosan (bibliotheek) oemoem, ageng sanget paédahipoen toemrap panggajoehing kemadjengan.

Prakawis tetanèn, pangoepakaraning radja-kaja, pandamelan krija, goenakrida toewin padagangan Ngarsa Dalem Ingkang Sinoewoen ngadjengaken saha mrihatosaken sanget, ngantos ing kita lan ing poendi-poendi panggénan dipoenwontenaken jaarmarkt lan tentoonstelling, sarta ing poendi-poendi kadistrikan lan kaonderan kaparingan bibit radja-kaja ingkang saé, moerih saéning radjakaja ing wewengkon Dalem. Pakopèn saha padjatosan inggih kaoedi sanget kalajan talatos.

Toemrapipoen para kasengsem ngoedi kekridan (kunst) kadosdéné beksa, gending, padalangan l. s. s. wonten ing negari Dalem Ngajogja ngriki saèstoe boten badé katjoewan, djer Ngarsa Dalem mila nengenaken dateng prekawis poenika, mandar dangan sanget paring pambijantoe dateng pakempalan-pakempalan, ingkang ngoedi ndjoendjoeng dradjating kagoenan Djawi. Kados sampoen marambah-rambah Ngarsa Dalem ngarsakaken njobi ngagem dalang wedalan pakempalan Abiranda, sanadjan dalang-dalang waoe ing semoe dèrèng saged damel marem renaning penggalih Dalem. Ingkang makaten poenika namoeng nélakaken goenging sih kamirahan Dalem dateng pakempalan-pakempalan waoe.

Ing salebetipoen pepréntahan Dalem para poenggawaning Negari toewin para abdi Dalem sami ngraosaken sih pari-marma Dalem, déning kawontenaning blandja-blandja kasaèkaken manoet pepangkatan lan awrading sesanggèn.

Ngarsa Dalem inggih boten kasoepèn maringi pangajoman doemateng kéré darwis, ingkang sami pating biloeloeng tanpa pangaoeban, kajasakaken papan wonten ing Toengkak.

Ada-adaning kawoela Dalem ingkang toemoedjoe dateng kasaénan toewin kawiloedjengan sanget ndadosaken kepareng Dalem, katanda menawi wonten jejasan énggal kados makaten kabikak, Ngarsa Dalem karsa tedak ngrawoehi, aparing tanda saroedjoek, kalajan danganing penggalih.

Djaman 10 taoen kapengker, kadaton Dalem poenika wingiding wingid, ingkang kepareng loemebet namoeng para abdi Dalem kémawon. Ing samangké sinten ingkang weling oendjoek, kepareng sowan loemebet ing kadaton Dalem, ingkang ing sapoenikanipoen manoet gotèking ngakatah, sampoen katah sanget bédanipoen kalijan roemijin, labet sampoen kamoeljakaken ing Ngarsa Dalem Ingkang Sinoewoen, ingkang djoemeneng sapoenika. Pisowan makaten poenika dipoentampi saé sanget, mandar kaparingan neda poenapa. Lo semanten goenging sih kamirahan Dalem, ingkang roementah dateng kawoela Dalem.

Bab tata-tentreming pradja Ngarsa Dalem sakalangkoeng anggènipoen manggalih, ngantos kawoela Dalem sami roemaos tentrem ajem sekétja dedoenoeng

wonten ing nagari Dalem. Tatananing pepréntahan binangoen tjara énggal, salaras kalijan kemadjenganing djaman, sairib kalijan kawontenaning tanah Goepermènan. Malah saking wantering panggalih Dalem badé memajoe hardjaning negari, Ngarsa Dalem Ingkang Sinoewoen, karsa jasa bebadan énggal, ingkang tjalon toemindak béndjing taoen 1931 ngadjeng poenika, inggih poenika jejasan Dalem „Balé Agoeng."

Sadaja jejasan, dalasan agem-ageman Dalem nélakaken pasadjaning panggalih Dalem. Sadaja-sadaja sroewa-sroewi pasadja, boten kekatahen papaès, éwa déné teka ngengreng amantesi; boten adamel kagèt.

Prakawis poenika ing sadjatosipoen pantes sanget dadosa katja-benggala toemrap para kawoela Dalem sadaja, langkoeng-langkoeng ing djaman rekaos poenika, tijang kedah pasadja ing samoekawis, moerih sakétja lan katjekapan ing gesangipoen.

Kados boten badé wonten telas-telasipoen, manawi goebahan poenika kaladjengaken.

Kawoela Dalem, ageng alit, sadaja roemaos katresnan ing goenging sih katresnan Dalem.

Pramila sampoen sapantesipoen, manawi ing dinten poenika sami kapidereng ngetingalaken soengkemipoen dateng Ngarsa Dalem, Goesti Ratoe Poepoendènipoen, ndèrèk soeka-soeka, ngoendjoekaken pahargjan wonten ing Saandap Sampéjan Dalem ing sasaged-sagedipoen, ngantos ing kagoengan Dalem aloen-aloen kebak tetingalan awarni-warni, mewahi moenggoeh regeng semoewaning pahargjan.

Makaten oegi kawoela Dalem gotrah Katholiek Djawi boten kantoen, ngoendjoekaken soengkemipoen dateng ing Saandap Sampéjan Dalem, manabiwadda Ngarsa Dalem ing sagadoeg-gadoegipoen, sarana ngloehoeraken Asma Dalem, toewin ngoendjoekakaken poedji sesanti, moerih soegeng widadaning Karaton Dalem, djinangkoeng ing para Leloehoer Dalem, winantoe ing barkahing Pangéran ingkang asipat gesang, tinebihaken saking saliring sambékala, kasinoengan bagja ing dalem paprèntahan negari.

Kawoela Dalem gotrah Katholiek Djawi mangèstoe pada.

Pr. S.

DJENGKAR DATENG NAGARI WALANDI.

(27 Agoestoes 1919 — 9 Pébroeari 1921).

Koela mongkog sanget, manawi anggagas-nggagas déné Sampéjan Dalem Ingkang Sinoehoen ingkang djoemeneng Nata samangké poenika sampoen naté djengkar dateng nagari Walandi.

Lo mongkokipoen kados-poendi?

Makaten: Ing ngatasipoen tijang limrah kémawon, manawi saweg kekésahan dateng tanah sabrang kados déné Soematra saantéronipoen ngrikoe, ingkang prasasat boten wonten bédanipoen kalijan tanah Djawi menggah ing tijang, kéwan lan tanemanipoen, samangsa tijang waoe wangsoel malih dateng tanah Djawi ngriki, dradjadipoen mindak sa-tjèt, amargi saged tjrijos ingkang radi anèh-anèh. Langkoeng-langkoeng manawi tijang limrah waoe sampoen naté kekésahan dateng nagari Walandi, ingkang langkoeng tebih toer prasasat ing samoekawis béda kalijan ing tanah Djawi ngriki. Poenika dradjadipoen mindak pinten-pinten tjèt.

Saoepami tijang limrah waoe njrijosaken kawontenanipoen nagari Walandi dateng sanak sadèrèk oetawi tangga tepalih, wah katah ingkang sami goemoen, pating petonggong, kadosta oepami tjrijos: Ing nagari Walandi poenika ingkang dados toekang kebon inggih tijang Walandi, ingkang mboetjali oewoehing radinan inggih tijang Walandi, nanging sanadjan toekang oewoeh, manawi angsal soewékan koran wonten ing margi asring dipoenwaos; ingkang dadas koki oetawi baboe inggih njonjah Walandi. Ing sabin-sabin ingkang maloedjeng oetawi nggaroe inggih Walandi, mawi sepatoe kadjeng, awit sepatoe watjoetjal temtoenipoen badé énggal risak. Wondéné waloejeng oetawi garoe waoe ingkang narik dédé lemboe (maésa ing nagari Walandi boten wonten), nanging kapal. Poenapa tijang ingkang mireng boten badé alok: é é kok anèh?

Toenggilipoen tjrijos bab mangsa ing nagari Walandi: Ing ngrika poenika boten wonten katiga lan rendeng, wontenipoen Lènte, Zomer, Hèrfst lan Winter, inggih poenika mangsa radi bentèr, bentèr, radi asrep lan asrep (mangsa badiding). Jèn mangsa Zomer poenika kawontenanipoen tetoewoehan prasasat kados tanah Djawi inggih poenika ronipoen sami ngremboejoeng sarta sami katah wohipoen. Manawi Hèrfst wit-witan waoe mèh sadaja sami brindil kados tjaranipoen ing ngriki wit djatos, nanging ing nagari Walandi ngrika mèh saben wit toer poenika waradin sanagari Walandi, dadosipoen wit-witan katingalipoen sami pedjah. Ing mangsa Winter saged asrep sanget, ngantos toja-toja ing bloembang sami dados ès. Oepami mentas djawah, toja ingkang pating ketjembong wonten ing radinan poenika inggih asring dados ès. Jèn asrepipoen anggegirisi, dalasan lèpèn-lèpèn inggih sami andjendel dados ès, ngantos asring kénging kaambah ing grobag oetawi ing montor lan sasaminipoen. Wondéné tetijang panganggénipoen sarwa kandel, wonten ing grija sami bedijan. Mangké manawi sampoen wiwit Lènte, wit-witan sami medal troeboesipoen, lami-lami medal sekaripoen lan ronipoen angremboejoeng, woesana katah wohipoen, ladjeng ing mangsa Zomer sami dipoenoendoehi.

Tjekak tijang ingkang sampoen naté dateng nagari Walandi poenika oepami kapoerih njarijosaken kawontenanipoen nagari Walandi, prasasat tanpa wonten telasipoen; sadaja toemrap ingkang dèrèng naté mrika, inggih anggoemoenaken.

Boten teka margi saged tjarijos poenika tijang ingkang sampoen naté dateng nagari Walandi mindak katah dradjadipoen, manawi katanding kalijan oepami dèrèng naté mrika, awit tijang ingkang dèrèng naté dateng nagari Walandi saged oegi njarijosaken kawontenanipoen nagari Walandi saking anggènipoen memireng oetawi maos-maos, nanging sababipoen: tijang ingkang sampoen naté dateng nagari Walandi waoe mindak *seserepanipoen*.

Inggih moerih mindaka seserepanipoen poenika, djalaranipoen katah para prijantoen, malah para Nata ing Indonésiah ingkang sami tindak dateng nagari Walandi.

Koela mireng wartos bilih Kangdjeng Soeltan ing Koetei, ing Asahan lan sanès-sanèsipoen sadjawining tanah Djawi sampoen naté tindak dateng nagari Walandi, mratandakaken bilih Ratoe-ratoe waoe golongan modern. Mila manah koela inggih momgkok sanget, déné Ratoe koela Sampéjan Dalem Ingkang Sinoehoen ing Ngajogjakarta ngriki boten kantoen kalijan Ratoe-ratoe sanès nagari. Sampéjan Dalem sampoen naté djengkar dateng nagari Walandi ngantos lami, dados inggih tamat dateng kawontenaning nagari Walandi.

Namoeng kémawon tijang limrah kalijan Ngarsa Dalem poenika sanadjan sami wonten ing nagari Walandi ingkang mesti wonten bédanipoen. Tijang limrah makaten mindaka seserepanipoen inggih namoeng kanggé badanipoen pijambak, njengka kanggé tangga tepalih. Sareng Sampéjan Dalem rak boten makaten, anggènipoen djengkar dateng nagari Walandi poenika moerakabi dateng kawoela Dalem.

Margi saking djengkar Dalem dateng nagari Walandi waoe, Sampéjan Dalem bokmanawi ladjeng kagoengan idam-idaman, manawi kondoer djoemeneng Nata, badé ngetjakaken ingkang loehoer-loehoer, ingkang modern, ingkang mambet démokrasi lan sapanoenggilanipoen.

Saplok Sampéjan Dalem Ingkang sinoehoen poenika djoemeneng Nata katah éwah-éwahan ingkang koela wastani loehoer poenika oepaminipoen wonten dawoeh soepados koepoe-koepoe daloe sampoen sami maboer pating kleper wonten ing radinan manoet sakadjengipoen pijambak, inggih poenika manoet dawoeh kala tanggal 24 Désèmber 1924 No. 14/1 H (Rijksblad No. 18). Ladjeng ing dawoeh tanggal tjandakipoen wonten pranatanipoen noetoep grija-grija papaning koepoe-koepoe daloe. Ewa samamten koela mireng kabar, saweg kampoeng (ing Ngajodja) satoenggal kémawon wonten papan koepoe malem nem oetawi pitoeng enggèn. Poenapa poenika boten kesangeten? Mila sanget ing pangadjeng-adjeng koela, soepados ingkang kados makaten poenika apesipoen dipoen soedaa!

Déné ingkang koela wastani modern poenika bab njaèkaken kita sarta kadaton. Ing Ngajodja samangké margi-margi sami saé-saé, gampil dipoenambah ing montor oetawi bis, andjalari madjengipoen padagangan, awit tijang padoesoenan gampil anggènipoen sesadéjan oetawi tetoembas. Jèn sonten radinan-radinan sami pating klentjar dilahipoen èlèktris, andjalari Ngajogjakarta katingal manawi njata kita. Taksih katah toenggilipoen, ingkang mratélakaken bilih Sampéjan Dalem Ingkang Sinoehoen poenika sampoen modern. Nanging sanadjana makaten anggèn Dalem Sampéjan Dalem karja modern waoe inggih manggalih dateng para kawoela Dalem, kadosta: grebegan, poenika kawoela alit taksih sami ramen. Kawoela alit kepéngin soemerep Ratoenipoen, inggih grebegan poenika ingkang dados sarananipoen. Kados déné aloen-aloen kanggé oemoem, poenika inggih nélakaken bilih Ngarsa Dalem sampoen ngagem ada-ada modern oetawi demokrasi.

Kadjawi papan, Ngarsa Dalem oegi katah anggèn Dalem manggalih dateng adjenging prakawis sosial kadosta: paring pitoeloengan dateng tetijang ngemis. Ngarsa Dalem kagoengan panimbang bilih anggènipoen noeloengi tetijang waoe sarana ngwontenaken koloni kapangagengan ing dokter ingkang boten ngoetjiwani. Woesana ladjeng paring dawoeh kados ingkang kaseboet wonten ing pranatan tanggal 6 Oktober 1924 No. 10/1H. (Rijksblad No. 15).

Bab kasarasan, pamoelangan, landbouw, kagoenan, krida lan sanès-sanèsipoen Ngarsa Dalem katingal sanget karsa ngadjengaken. Manawi sadaja koela rembag wonten ing ngriki, wah sampoen boten wonten telasipoen. Mila namoeng koela tjoegag samanten kémawon, nanging manah koela mongkok, déné Sampéjan Dalem sampoen naté djengkar dateng nagari Walandi sarta gadah gagasan: Poenapa poenika dédé wohipoen djengkar Dalem waoe?

Manawi makaten koela kados klilan gadah pangadjeng-adjeng dateng wontenipoen éwah-éwahan katah malih ingkang loehoer-loehoer (panoenggilanipoen ingkang sampoen koela tjarijosaken ing nginggil), ingkang ngadjengaken prakawis sosial lan sasaminipoen. Kados makaten poenika selot-selotipoen inggih badé kelampahan, nitik kawontenan salebeting sadasa taoen anggèn Dalem Sampéjan Dalem djoemeneng Nata ing Ngajogjakarta poenika.

Mila soemangga para kantja ing Ngajogjakarta Hadiningrat, koela atoeri sami mahargja sadasa taoenan poenika, kanti tjaos baoe soekoe manawi Ngarsa Dalem karsa ngadjengaken kita Ngajogja ing babagan rohani lan djasmani, soepados Ngajogja ing wingking dadosa tetoeladanipoen kita sanès-sanèsipoen ing sa-Indonésiah ngriki.

D. S.

GAGASAN KAWEDAR.

Kaserat marengi 10 taoenan djoemenengan dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan Hamengkoe-Boewana, ingkang kaping VIII, ing karaton Ngajogjakarta Hadiningrat.

Djoemeneng dalem Nata Ngajogjakarta amarengi dinten Slasa Kliwon tanggal kaping 29 Djoemadilawal, taoen Alip 1851, oetawi tanggal kaping 8 Februari 1921.

Dados kala Kemis Wagé 29 Djoemadilawal 1861, oetawi tanggal 23 Oktober 1930, sampoen djangkep sadasa taoen.

Sadasa taoen ngasta poesaraning pradja! Wiloedjeng boten wonten sakarakara!

Ingkang makaten waoe, ingkang bingah boten namoeng para sentana dalem. Kawoela alit, inggih!

Amila ing dinten waoe, para agoeng dalah tijang alit, kaoem Ningrat kalijan kaoem Krama, sami golong ing manah: bingah-bingah. Soeka-soeka ngatingalaken leganing manah. Ngatingalaken soejoedipoen. Ngoendjoekaken bektinipoen.

Welingipoen para nawoeng krida, salebetipoen tijang mangoen soeka, sajogi arangkepan manah *ènget*. Inggih *ènget,* ingkang saged mahanani kaprajitnan, kaloehoeran, toewin rahajoening sarira.

Kita sami soeka-soeka! Gijak-gijak! Andrawina Arak-arakan! Ing salebetipoen kita ngetogaken gambiraning manah, kita kedah ènget! Anggènipoen wewelingipoen tijang sepoeh waoe. *Ènget* dateng: *Babad Mataram;* minggahipoen: *Babad Madjapait.*

Sadaja kawontenan ing saoebenging Kadaton, sami nawoeng semoe ingkang saged andoedoet wedaling gagasan inggil. Toemandoekipoen: anggrénda manah. Anggrahita kèngetan doek alam roemijin. Waringin koeroeng kembar, Kjai Déwandaroe Djanandaroe, ... ingkang dados papasrèning aloen-aloen Lèr; bètèng; djagang; Tamansari (Waterkasteel), tjepoeri Kadaton; bangsal-bangsal, lss. . . . . . waoe sadaja manawi koela tanggapi, saged nglaras lepasing gagasan. Anggagas dateng: kaloehoeran Mataram. Dateng karadjan Madjapait. Dateng: ambedah nagari, sasaminipoen. . . . . Tjipta koela toemantjeb ing *témpo doeloe!*

Kaseboet ing dalem babad, noeswa Djawi koentjara doemoegi poendi-poendi. Soegih mas pitjis radja brana. Loh djinawi. Dados loeroeganipoen soedagar sabrang laoetan.

Ing taoen 1294, karadjan *Madjapait* madeg. Ingkang babad wana, saha djoemeneng Nata ingkang sapisanan adjedjoeloek Praboe Kertaredjasa Djajawardhana, inggih Praboe Brawidjaja I.

Taoen 1350, ingkang ngrenggani kadaton Madjapait, adjedjoeloek Praboe *Hajamwoeroek.* Pandjenenganipoen, Nata agoeng binatara.

Ingkang dados warangka dalem Sang Nata, asma Patih Gadjahmada. Boten ngoetjiwani!

Kala samanten, sadèrèk, . . . , Madjapait saja komboel. Saja koentjara. Saja ndedel. Menggaha remboelan, angleresi poernama-sidi. Tjahjanipoen mantjoer anelahi boemi. Rijep-rijep angasrepaken manah.

Inggih kala samanten sadèrèk, ... *windoe kantjananipoen* noeswa Indonesia.

Laladan bawah Madjapait sakalangkoeng wijar. Mèh sa-Indonesia sami ngratoe Madjapait. Tanah Djawi Wétan toewin Tengah; Soematrah wiwit Atjih doemoegi Lampoeng; Borneo (Bandjarmasin); Sélebes (Banggawai, Salaija, Bantaijan); Flores (Larantoeka); Soembawa (Dompo); sapalihipoen Malaka; toewin Papoewah sapérangan. Poenika waoe sadaja bawah Sang Praboe Hajamwoeroek.

Kagoenan, kasoesastran, inggih ndedel. Kala samanten sampoen gadah poedjangga misoewoer. Ingkang kotjap *Empoe Prapantja*, anganggit boekoe Nagarakertagama. Empoe *Tantoelar* nganggit serat Hardjoenawidjaja.

Padagangan toewin palajaran inggih madjeng!
Pekalongan, Banten (Hiakang), Tjerbon, Djepara, Sedajoe, Djaratan, kala samanten dados palaboehan ageng ing pasisir Lèr.

Taoen 1478, Madjapait kabedah déning Praboe Ranawidjaja Girindrawardhana, Nata ing Keling (Sa-Kidoel-kilèn Soerabaja, — Salèr-wétan Kediri).

Taoen 1518, Pangéran Sabrang Lor, ambedah Madjapait, poesaka kraton kabekta dateng *Demak*. Pandjenenganipoen, ladjeng angaken anggentosi djoemeneng Nata.

Kala kraton Demak poenika, ngriki taksih koewaos. Angerèhaken bawah Madjapait roemijin, kraton Soepit Oerang (Toemapel), lss.

Sasédanipoen Soeltan Trenggana (1521 — ± 1550), poetra-poetra sami tjrah. Andjalari djoemedoelipoen kraton *Padjang*.

Kala djaman Padjang poenika, pangoewasanipoen Nata Djawi inggih taksih ageng, sanadjan boten kados djaman Hajamwoeroek.
Bawahipoen: Soerabaja, Toeban, Pati, Demak, Pemaiang (Tegal), Poerbaja (Madioen) Blitar (Kediri), Selarong (Banjoemas), Mataram (Ngajogja) toewin Padjang i. p. Soerakarta sisih Kidoel-kilèn, sakilènipoen bangawan Sala.

Sasoeroetipoen karaton Padjang, ladjeng gantos adegipoen karadjan *Mataram*, awit saking lalabetanipoen *Panembahan Sénapati*. (1586).

Komboelipoen kradjan Mataram poenika rikala djoemeneng dalem Kangdjeng *Soeltan Agoeng* (1613 — 1645), ingkang kala timoerípoen asma R. M. Rangsang, inggih Praboe Pandita Tjakrakesoema.

Sang Nata kerep sanget andon joeda, angelar djadjahan.

Kala windoe kantjananipoen kradjan Mataram, poenika wonten lalampahan ingkang ngalamati mingkoepipoen karadjan Djawi, ngantos namoeng kantoen saeron kélor: Ngajogjakarta toewin Soerakarta. Lamlampahan waoe i. p. *datengipoen tijang Walandi* ing taoen 1596.

Ing sasédanipoen Kangdjeng Soeltan Agoeng, Mataram kerep wonten kraman.
Kangdjeng Soenan Amangkoerat I. oet. Soenan Tegal Aroem. (1645 — 1677) mimitran kalijan Koempeni. Koempeni apradjandji badé toetoeloeng samangsa Sang Nata kadatengan mengsah.

Kompeni wiwitipoen kapinta sraja, ka-anggé baoenipoen, wiwit djoemeneng dalem Soenan Amangkoerat II (1677 — 1703).

Boten perloe koela pandjang-pandjangaken, wontening kraman-kraman kala samanten.
Tjekaking tjarijos, saja dangoe margi wontening kraman, kradjan Mataram saja gempal. Saja kalong. Saja tjijoet. Kapalih: dados Soerakarta kalijan Ngajogjakarta (Bedamèn Gijanti 1755). Poenika taksih dipoenelongi malih: kagem Mangkoe Negaran (1757) toewin Pakoe Alaman (1813). Poenika inggih dèrèng tjekap. Taksih dipoenlongi malih, sabakdanipoen perang Dipanagaran.
Soepados tjeta, ing ngandap poenika, koela ngatoeraken tjatetan wiwitipoen boemi Djawi karegem Walandi.

1652.	(pradjangdjijan lésan djaman Soenen Tegal Aroem): sapéranganipoen par. Betawi sapoenika, sakilèn lèpèn Tjitaroem.
19/20 Okt. 1677	(djaman Mangkoeral II) mindak boemi saantawisipoen lèpèn Tjitaroem mangétan doemoegi lèpèn Pamanoekan, lan mangidoel doemoegi saganten Kidoel.
15 Januari 1678	koekoeban Semarang, lan Kaligawé, dalah sabawahipoen.
17 April 1684.	(djaman Soeltan Abdoel Kahar Banten): siti 600 roe sakilèn lèpèn Tjidani, wiwit bètèng Babakan doemoegi moewaraning lèpèn.
5 Oktober 1705.	(Pakoe Boewana I) a). papan-papan pasisir ing Torbaja lan Goemalak kalijan poesoen-doesoen wewengkon ngrikoe, minangka lilintoenipoen 67 doesoen-doesoen ingkang kadjangdjèkaken kala taoen 1678. b). Cheribon lan Prijangan sisih Wétan. c). Soemenep lan Pamekasan.
21 Agoest. 1731.	(Soeltan Djainoel-abadin, Banten): Poelo Pandjang ing soenglon Banten, lan siti sawétan lèpèn Soengai-dadap.
11 Nov. 1743.	(Pakoe Boewana II): a). Tirahan poelo Madoera. b). Tanah Djawi podjok Wétan. c). Soerabaja sakoekoebanipoen; Rembang, Djepara sabawahipoen.
12 Sept. 1744.	(P. B. II, lésan): distrik Limbarawa, ingkang ladjeng kagamblokaken kabawah Semarang.
18 Mei 1746.	(P. B. II): pasisir saantawisipoen Tjirebon kalijan Semarang.
11 Dec. 1749.	(P. B. II): Tanah mataram *kaoeloengaken babar pisan* dateng Koempeni, ingkang ing taoen 1755 lan 1757 kapérang dados kalih: Ngajogjakarta lan Soerakarta.
27 Sept. 1771.	(Beslit winados Ind. Regeering). 1767 lan 1768 andarbèni tanah Podjok Wétan ingkang kaoeloengaken Mataram kala 1743. Kadjawi poenika papan-papan ingkang kambah kraman: Malang, Antang, Porong (Bangil) oegi dados gadahanipoen Walandi.
27 April 1782.	poelo Bawéan.
22 Nov. 1808.	(Beslitipoen maarschalk Daendels) mindak Banten sisih Wétan wiwit Tangerang oeroet lèpèn Tjidani ngantos 300 roe anglangkoengi lèpèn Tjimandiri; makaten oegi distrik Sading lan Djasinga.
22 Agoest. 1810.	(Beslitipoen maarschalk Daendels). Tanah ngaré Banten, i. p. boemi sisih lèr doemoegi Tjeringin.
1 Agoest. 1812.	Kedoe, Patjitan, Grobogan, Blora, Djipang, Djapan, lan Wirasaba.
17 Agoestoes 1826. 3 November 1830. 22 Juni 1830. 27 September 1830.	— Parésidénan Banjoemas, Bagelèn, Madijoen, Kediri.

Poenika pèngetan ingkang perloe-perloe. Ing abad 17, djadjahan Walandi $16^0/_0$-nipoen tanah Djawi; Abad 18: $43^1/_2{}^0/_0$; abad 19: $33^1/_2{}^0/_0$. Goenggoeng: $93^0/_0$. Déné ingkang $7^0/_0$ dados bawah Ngajogjakarta lan Soerakarta.

Éwah-gingsiring lalampahan ing dalem karadjan Mataram, soeka kamoeljan dateng bangsa Walandi. Lestantoen doemoegi sapriki!

Para sadèrèk! Hantjoeripoen Mataram, kedah kita tangisi. Kita prihatosaken. Boten soesah tetah-tetahan. Ingkang bakoe sapoenika kedah ngoedi wangsoelipoen tanah kita. Ngoedi kamardikanipoen Indonesia. Kita kedah amboedidaja toemanggalipoen *Indonesia Merdéka*.

Mlia, sapinten ageng ing manah koela, déné samangké sampoen katah para agoeng ingkang anggebjoer ing kalanganing *pergerakan*.

Saben anakipoen Indonesia kedah ngoedi prakawis kamardikan waoe. Boten soesah satoenggal lan satoenggalipoen padoedon prakawis srananing panggajoeh Ingkang penting: kita toemandang anggajoeh kamardikan. Mangga, sadaja margi andjoga ing: Indonesia Merdéka!

Perloe koela èngetaken, panggajoeh kita kedah kanti kasatrijan. Tegesipoen sampoen ngantos mawi anoentakakaken rah.

Anggèn koela perang, sarana ngatingalaken manawi pantjèn saged madeg pribadi, kanti sembada. Saged mribadèni. Grija kita kedah sampoen kita samektani kanggé nampi datengipoen sang bagoes Indonesia Merdéka.

Koela mangertos, paprέntahan Walandi adadasar Kristen (Christelijk). Mangka wawarah Kristen amratélakaken: saben bangsa anggadahi wewenang ngerèh tanahipoen pijambak. Mila, manawi paprέntahan Walandi ngantos boten ngoeloengaken wangsoel Indonesia kanti legawaning manah, poenika nama koetjiwa. Ngisin-isini! Tegesipoen: njoelajani kalijan tatalesing Kristen. Alijas: boten ngristeni.

Sadèrèk! Sedyaning manah koela, andaran ing nginggil waoe sadaja, boten nedya ambebangoes. Koela loegoe ngawontenaken kawontenan, pinirid saking babad.

Mangga, satoenggal kémawon boten wonten ingkang kalangkoengan, sadaja sami meleng soepados kasembadan poenapa ingkang dipoensedya.

Noelada Kradjan Ngajogjakarta, djer mila mempeng anggènipoen karsa ngetingalaken manawi saged ngasta poesaraning pradja. Tjobi katandinga Kradjan Ngajogja sapoenika kalijan 10 taoen kapengker! Pantjèn tjeta bédanipoen; pantjèn nglodjok toer sengkoet adjengipoen. Tjobi njipatana pijambak: Kradjan Ngajodja boten keslempit. Saking lèr, wétan, kidoel, kilèn gampil dipoendatengi!

Makaten sadèrèk, sekaran ing taman gagasan, ingkang koela goebah kanggé amèngeti 10 taoenan djoemenengan dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan.

Koela moemoedji, moegi Pandjenengan dalem Nata, dinirgakna joeswanipoen. Pinaringana barkah basoeki ing Pangéran. Soemrambah njrambahi garwa poetra, sentana, toewin kawoela.

Mangga, pandjenengan sadaja ingkang mahargja dinten 10 taoenan djoemenengan dalem poenika, koela larihi, ngoendjoek *anggoer raos saroedjoek*.
Mangga, sami sesanti: „Widada! ngarsa dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan!"— „Widada!"— Widada!— Widada!"

A. S.

PRATÉLAN LAMPAH-LAMPAH BADÉ MAHARGJAN DJOEMENENG DALEM 10 TAHOENAN.

1. **Dinten Djoemoewah Kliwon sonten** (malem Setoe legi) tanggal kaping 30 Djoemadilawal tahoen Djimawal 1861 oetawi tanggal kaping 24 October 1930. Wantji djam 6 sonten para Comite sakantjanipoen sadaja sami andjoedjoeg ing kagoengan dalem soerambi masdjid ageng, para abdi dalem Walandi sarta pangadjengipoen Comite Tionghowa ingkang badé toemoet inggih klilan, ananging namoeng kèndel wonten plataran masdjid. Manawi sampoen soemekta, toemoenten Kijahi Pangoeloe sakantjanipoen ladjeng dipoenresaja andonga, para Comite sakantjanipoen sadaja sami angamini. Sakrampoengipoen anggènipoen andonga, wantji djam $^1/_2$ 8 para comite sakantjanipoen sadaja waoe ladjeng sami bidal doemateng ing ngaloen-aloen.

2. Noenggil wekdal: Manawi ngarsa dalem Sampéjan dalem ingkang Sinoewoen badé mijos angawoeningani, para comite sakantjanipoen sadaja, kadjawi ingkang sami gadah koewadjiban pandamelan sami metoek doemateng ing kagoengan dalem palataran Kemadoenganlèr, perloe andjadjari wijos dalem doemateng ing ngaloen-aloen. Para abdi dalem poenakawan sarta pradjoerit sami ndèrèk wonten ing pengkeran dalem, déné abdi pradjoerit ingkang sami ngoeroeng-oeroeng wonten ing sakiwa-tengen dalem tatananipoen dipoenpitadjengaken Pangéran Arja Tjakraningrat Majoor Commandant
Sakdoemoeginipoen wonten ing ngaloen-aloen para comite sakantjanipoen sadaja ladeng sami sowan wonten ing ngadjeng panggoengan dalem.
Manawi ngarsa dalem sampoen lenggah sawatawis, toemoenten Papatih dalem madjeng angoendjoekaken kasoegengan dalem, saha ambikak wigatosing pahargjan. Ladjeng kasambet wakiling pakempalan Wanita Oetama, angoendjoekaken pratanda setya. Kasambet malih oendjoekipoen wakiling pakempalan Among-Krida, oegi angoendjoekaken pratanda setya. Kasambet malih wakiling comite bangsa Tionghowa, angoendjoekaken kasoegengan dalem, poenapa déné manawi taksih wonten ingkang badé angoendjoekaken pratanda setya oetawi kasoegengan dalem kalijan ladjeng anjambeti ananging kedah pratéla roemijin dateng comite.

3. Sakrampoengipoen sadaja ladjeng sami angentosi sakwetawis, mbokmanawi wonten wijosipoen dawoeh timbalan dalem, saha ngentosi dawoeh timbalan dalem kalilanipoen moendoer.

4. Sakoendoeripoen saking ngarsa dalem, Pepatih dalem ladjeng dawoeh doemateng comite ingkang koewadjiban andjagi tetingalan, sami kakarsakaken miwiti. Wondéné kantja sanès-sanèsipoen taksih sami sowan wonten sakiwa-tengening panggoengan dalem, perloe soedija andjadjari oetawi andèrèk mbokmanawi wonten karsa dalem mijos angawoeningani kawontenanipoen tetingalan ing daloe poenika. Lampah-lampahipoen para comite sakantjanipoen inggih kados kala andjadjari wijos dalem.

5. **Ing dinten Setoe legi** éndjing dipoenwontenakan arak-arakan: pit, karéta, tetoempakan sapanoenggilanipoen.
Wiwit wantji djam pitoe éndjing sasampoena sami dateng ndjoedjoek kagoengan dalem aloen-aloen pengkeran (Aloen-aloen kidoel) dipoentampi boepati pangrèh Pradja sakantjanipoen, wantji djam 9 éndjing ladjeng pangkat mangilèn saklèr kandang liman, ménggok mangalèr medal Ngasem, ladjeng ménggok mangétan medal Ratawidjajan, manawi sampoen doemoegi kagoengan dalem Aloen-aloen sisih kidoel, ladjeng ménggok mangétan medal sangadjengipoen panggoengan dalem, teroes moebeng toeroet pinggir; Manawi sampoen doemoegi leresipoen margi sakidoel masdjid, ladjeng medal mangilèn doemoegi prasekawanan saklèr plengkoeng Djagasoera (Ngasem) bibar.

6. Oegi dinten Setoe legi kaseboet nginggil Toewan Croes, pangadjengipoen Sociëteit Militair badé angoendjoekaken pahargjan warni ngiberaken peksi darapos, wantji djam 8 saksampoena soedija wonten ing ngaloen-aloen lèr, wondéné anggènipoen ngetjoelaken (ngiberaken) ngentosi manawi arak-arakan sampoen malebet ing aloen-aloen (sakilèn ngebrak).

7. Sontenipoen wantji djam 4 doemoegi djam 6 dipoenwontenaken karaméan sport, inggih poenika kaprigelan sarta karosan, maloempat sak panoenggilanipoen.
Sadèrèngipoen sport waoe dipoenwiwiti, pakempalan saking para moerid sekolah Kasultanan 16 sekolahan mawi angoendjoekaken panembrama roemijin lagoe sekar Dandanggendis 4 pada toemoenten barisan warni letter H. B. VIII, ladjeng kasambetan sport sanès-sanèsipoen. . . . . warni.

8. **Ing dinten malem Ngahat pahing** wiwit wantji djam 8 doemoegi djam 10 dipoenwonteni gambar sorot blak-blakan kalih panggènan, ladjeng kasambetan sekar api sakrampoengipoen, ladjeng bibaran.

9. Ing dinten Setoe legi doemoegi malem Ngahat pahing kaseboet nginggil para comite sakantjanipoen sadaja ingkang boten anggadahi koewadjiban pandamelan, manawi wonten karsa dalem mijos angawoeningani, inggih sami metoek kados nalika wijos dalem malem setoe (setoe ingkang awitan.)

10. Wondéné para comite ingkang sami kapinta njamboetdamel sakantjaninipoen, poenapa déné pisoengsoeng-pisoengsoeng keraméjan dalasan lelampahanipoen tetingalan saking satoenggal-satoenggaling pakempalan inggih dipoenoendjoekaken wonten ngarsa dalem kawrat ing pratélan.

DRUKKERIJ „CANISIUS" DJOKJA.